A-PDF Merger DEMO : Purchase from www.A-PDF.com to remove the watermark

Баҳасы 35 т.

«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН» 1984

С. ПИРЖАНОВ



# ҚЫЯЛ ҚАНАТЫ

## 1. АЛЫСЛЫҚЛАР—ӘРМАНЫМ



Ойландырарма деп қалдым,
Мына нәрсе бәршени,
Биреўден гөре аўыр-аў,
Сағынған еки нәрсени.

Биреўи—
Туўған жерге муҳаббатым,
Биреўи—
Жүректеги сениң атың.

### ЎАТАН

Есин билген бала, көп көрген ғарры,
Сени айтар екен, сөзиниң алды,
Бүлбил сен деп сайрап намасын шалды,
Ўатан.

Ағыс болып гейде алысқа ақтың,
Сен гейде қус болып қанатты қақтың,

INVENTAR № 90773

Сениң менен жайнар келешек бахтым,
Ўатан.

Мейли үлкен яки кишиден сора,
Сенде сезилмейди қашықлық ара,
Сен бәрҳа саўлатсаң, мәңгилик ана,
Ўатан.

### МЕНИҢ УШЫН ЗОР ДӘЎЛЕТ...

Дәўлет дейди дәўлеттиң,
Билмес көплер нелигин,
Иззет пенен ҳүрметтиң,
Маллардың көп түлигин,
Биреў дәўлет санайды,
Атыныңда жүйриги.

Биреў дәўлет санайды,
Шар тәрепти гезгенди,
Келискенин талайдын,
Журттан бурын сезгенди,
Биреў дәўлет санайды,
Сөзден маржан дизгенди.

Биреў дәўлет санайды,
Түрли кийим кийгенди,
Биреў кеўил сарайды,
Таўыс киби дөнгенди,
Биреў дәўлет санайды,
Сулыў қызды сүйгенди...

Бахты бийик өрлесе,
Биз жасаған Ўатанның,
Көзим ҳасла көрмесе,
Бүлингенин мәканның,
Мениң ушын зор дәўлет,
Тынышлығы жаҳанның.

### ТУЎРЫЛЫҚ

Бийлеп кетип сезимди,
Сөзлер шығар суўрылып,
Айталмаған сөзиңди,
Айттырады туўрылық.



Қыйыстырған гәплерди,
Жек көреди халқымыз,
Ашып „кеўил дәптерди",
Сөйлейтуғын салтымыз.

Болар болмас гәп айтсаң,
Келши дейди ҳағынан,
Тек шынлықты молайтсаң
Несийе емес нағынан...

Себеп, бабам тән көрген,
Туўрылықты озалдан,
Ҳақлық ушын жан берген,
Таслансада минардан.

### УНАТАМАН КӨПШИЛИКТИ

„Көптиң күши қудирет деген",
„Көп түкирсе көл болады",
Дерсең, барсаң жәннет пекен,
Ол барса шөл гүл болады.

Сөйлетеди тилсимди де,
Ҳәтте сонша тилин таўып,
Қорқытпады гүрсилди де,
Урыста да дөнген қәўип.

Үйир туттым көпшиликти,
Соның ушын кишкентайдан,
Олар маған қош қылықлы,
Қанат байлап ушқандайман.

Қорқпайман мен ҳеш нәрседен,
Көплер қозғаў салар маған,
„Қорқаман" мен көпшиликти,
Жаманлаған адамлардан.

* * *

Журтты сынай билмеген,
Сынай алмас өзинде,
Журтқа унай билмеген,
Унай алмас елине.

* * *

Жақсылардың белгиси
Өзин мақтап сөйлемес.
Келер журтты көргиси,
Өзи ушын шөллемес.

## ТОЛҒАНАМАН

Мен базда қыйналаман,
Биреўге абайсыздан,
Бир сөзди айтқаным ушын.

Мен базда ойланаман,
Болар болмас нәрсеге де,
Өзимди жойтқаным ушын.

Мен бәрха толғанаман,
Инсанлар тағдири,
Мойнымда болғаны ушын.

Ҳәттеки туў алыс материкте,
Бүлинип нала шеккен,
Сум урыс қурбаны ушын.

## ХАЛҚЫМ ТУЎРАЛЫ ҚОСЫҚ

Қарақалпақты—
Мәрт десе,
Тураман.
Ақыры
Бул халықты,
Талайлар көп сынаған.

Қарақалпақты—
Көп жерде болған дейди,
Тураман,
Көп жерге қоныс басып,
Қонған дейди,
Тураман.

Кавказда да,
Мәкан қурған десе,



Тураман,
Соннанбекен?
Пәкизелиги соншелли
Унаған.

Қарақалпақты—
Жарысларда озған десе,
Тураман,
Алысларға
Делебеси
Козған десе,
Тураман.

Ашыўланып бир гезлери,
Көшкен десе,
Тураман,
Жек көргенге ғайбар болып,
Өскен десе,
Тураман.

Жақсыларға кеўиллери,
Сарай десе,
Тураман,
Жигитлери өркөкирек,
Қызларында
Шырай десе,
Тураман.

Бул халықты—
Дәўирлерге дәстан десе,
Тураман.
Тиллеринен дүрлердағы
Шашқан десе,
Тураман.

Қәйткенде де,
Пейилим кең,
Кеўилим кең,
Еситиңлер, аламан.
Өйткени мен—
Қарақалпақ боламан.

## ОЙҒА ТАЛАРЫМ

Бала болып бир гезлери ырастан,
Түсинбедим ҳеш нәрсениң паркына,
Аўлақ болдым талас пенен тартыстан,
Қызықпадым базардың да нырқына.

Қайўақ көрсем дастурхан тур жайыўлы,
Кетер едим тийисип бир ойынға,
Еслемедим той-жыйынға барыўды,
Машқаланың түсерлигин мойынға.

Анам байғус, гей исиме күйинип,
„Жақсы бол“ деп талай исти буйырды,
Мениң ушын мыңсан ойы бөлинип,
Мениң ушын дана киби туйылды.

Ержеттирип ўақыт деген шабарман,
Машқаласын артып атыр бүгинде,
Қумбыл болып ой ышқында жанарман,
Тек үй емес, елим турар миййимде.

Пүткил дүнья мениң ойға таларым,
Гәси шала, гәси барар өтелип,
Турғандайман, жатсам-турсам жер шарын,
Суў өгиздей[1] бир ийиннен көтерип.

## БҮГИН БИР ИС ПИТКЕРСЕМ...

Турмыстың көп талабы,
Бәриндағы уғарман,
Зуўлап өтип барады,
Ўақыт деген шабарман.

Өмир атлы өткелден,
Өткен не бир дәналар,
Бүгин бир ис питкерсем,
Ертең көп ис „балалар“.

[1] Әййемги шығыс халық әпсаналарында жети қабат жерди бир суў өгиз көтерип турадымыш (Автор).



Өттик қырықтың асқарын,
Келип қалар елиў де,
Ақлықлардың дийдарын,
Асығамыз көриўге.

## ҚАШАНДА МЕНИҢ КЕЎЛИМДИ

Қашанда мениң кеўлимди,
Тербейди ғайры нағыслар,
Онысыз кеўлим бир түрли,
Қайтқандай мисли ағыслар.

Қашанда мениң кеўлимди,
Бийлейди сонша кеңликлер,
Ойларым қанша тебиренди,
Қыйнаған яңлы шөлликлер.

Сол ушын кеўилханама,
Жақсылық ғана ҳағлағай,
Тек оннан өсек-жалаға,
Курттайда орын қалмағай.

## АДАМ ТҮСИНДЕ ДЕ...

Бир сапар түсимде Пушкинди көрип,
Жатырған екенмен пәкизе уйқылап,
Ҳәм сол ўақыт бирден олдағы келип,
Нағып атырсаң деп оятты жулқылап.

Толғанарман буған елеге шекем,
Қоябер, халайық, қосықтың күшин,
Адам түсинде де бас ийер екен,
Ҳәтте оңындағы уллылық ушын.

## ДУЎТАР ҲАҚҚЫНДА...

Дуўтарды мен шерте алмай,
Қыйналаман баз ўақлары,
Деймен сонда:
—Шерткен қалай
Сазенденің бармақлары?

Еске түсти, Ещан, Айтжан...
Ҳәммесиниң салмақлары,

Анаў-мынаў емес айтсам,
Саздың нағыз қаймақлары.

Дуўтарды мен шерте алмай,
Толғанаман гей ўақлары,
Қәйткенде де несип болғай,
Сазенлениң ырғақлары...

3-июль, 1982-жыл.

### КЕЎИЛ...

Бир кеўилди бир кеўил,
Таңлап келген әзелден,
Бир кеўилди бир кеўил,
Аңлап келген әзелден.

Бир кеўилге бир кеўил,
Дос боп келген әзелден,
Бир кеўилге бир кеўил,
Йош боп келген әзелден.

Бир кеўилге бир кеўил,
Саз боп келген әзелден,
Бир кеўилге бир кеўил,
Жаз болып келген әзелден.

Бир кеўилди бир кеўил,
Шыңлап келген әзелден,
Бир кеўилди бир кеўил,
Тыңлап келген әзелден.

### САРАТАН

Күн ыссы, төбеден түсип тур қуяш,
От пенен қосылып кеткендей әптап,
Сени тәриплеўге не келер уғрас,
Аспан ыссылығын төккендей шынтлап.

Саратан ыссысы—ерир мумыя,
Хәссений, азырақ жаўса еди жаўын,
Қәне, усы ўакыт болса еди сая,
Мисли от жанып тур аспаны зәмин.



Қалай шыдар екен, Айсберглер,
Еримей мынадай ыссыға күйип,
Қалай өседи екен сахрада шөплер,
Өмиринше суў көрмей шөлликти сүйип.

Самал елп етпейди, дарақ тербелмес,
Бәри әптап пенен кеткендей уйып,
Каналда суў ағар, ысыўды билмес,
Қаншы шоққылардан келсе де бийик...

Мендағы ойландым, бул ўақыт демек,
Мынадай бир қыял жуўытыў ушын,
Жазда адамларға саратан керек,
Қысқы суўықларды умытыў ушын.

3-август, 1982-жыл.

### ӨЗЛЕРИҢЕ БАРЛЫҚ ДЕМИМ БИРИККЕН..

Талай-талай адамларды тыңладым,
Оннан сайын мен өзимди шыңладым,
Билиў ушын гейбиреўдиң кимлигин,
Қыял сүрип узақ күнге тынбадым.

О, адамлар, сизлер менен берикпен,
Сизлер маған, мен сизлерге көрикпен,
Сөзлериңнен излегеним уллылық,
Өзлериңе барлық демим бириккен.

3-январь, 1982-жыл.

### АЎЫЛДЫҢ ҒАРРЫСЫ БАР...

Аўылдың ғаррысы бар көпти көрген,
Жайқалған жасыл дала шөпти көрген,
Жасынан жер менен көп тиллескен соң,
Қыялы қайлардағы көкти көрген.

Картайдың десе биреў, унатпайды,
Кеўлине ғаррылықты „жолатпайды",
Жасынан мийнет пенен шыныққан соң,
Жумыста жек көреди „сынаптай"ды.

Өзиндей болып келер катары да,
Дым ысық түрли ойға батары да,

Биледи Мичурин[1]ди бес бармақтай,
Мой бермес тәбияттың қағалына.

Дым ысық досларына келекеси,
Онысыз болмас аўыл мерекеси,
Мийнеттен еле қайтпас, өзи түўе,
Алпыс жыл қослас болған Гүлекеси.

Үйирсек той-мереке бәзим менен,
Көп иси бола бермес „Ўазың" менен,
„Аламойнақ" дуўтарын қуйқылжытар,
Шаршаса түрли-түрли сазы менен.

Аўылдың ғаррысы бар көпти көрген,
Жайқалған жасыл дала шөпти көрген,
Қашшаннан үйренискен дақыл түўе,
Қыялы қайлардағы көкти көрген.

### ЭКСПРЕССТЕ

Еки ғарры отырып әсте,
Ҳағлап келер экспрессте,
—Отырайық жолды „қысқартып",
Бурынғыдан киятқан тәртип,—
Деди бири, бирине қарап,
—Неге керек отырыў сынап,
Қай жерденсен, туўылдың қашан!
Сораспасам болмайды мазам.

—Дурыс жора, өзиңдей менде,
Туўылғанман баяғы күнде,
Есаплай бер ал жылым „мешин",
Жасырайын өзиңнен несин.

Үйим анаў „Шөгир көл" бетте,
Билсең керек оны әлбетте,—
Деген еди екинши ғарры,
Бириншиси ҳәзилге алды.
—Әйтеўирде мешинге қусап,

Турасаң-аў оҳ, саған инсап!
Енди қайдан табармыз суўды,
Көрсекпе екен ҳаў анаў ойды.

[1]. Мичурин илимий деген мәниде (автор)



„Шөгир көлден" әлбетте қанып,
Шыққансанды азанда анық,
Баяғыдай дүмше жоқ белде,
Пассажир[1] сәл егленген жерде,

Суўға салың мынаў мешинди,
Деп балларға айтармыз енди,
Жүзип кетип айдында анық,
Машынғада үлгермей қалып,

Дәрдесерге түспе ортада,
Ўаҳа-ҳа, ўаҳа-ҳа, ўаҳа-ҳа...
Күлки қызды сөйтип бир тыма,
Ҳа-ҳа, ҳа-ҳа, ҳа-ҳа, ҳа-ҳа...

Адамларға бәне табылды,
Күлки деген және табылды,
—Қатар болсақ керек шамасы,
Бир-еки жас болса арасы.

Зыяны жоқ боламыз жора,
Енди достым сен маған қара,
Жылың сениң емес пе „балық",
Сыпқанайсаң көп тәсил салып.

Кемпиримде кетерде маған,
„Балық әкел" деп еди, соған—
Жақсы болды жора сорасқан,
„Ҳәўес асын" таптым ырастан.

Болдың бизге бап ҳа-ҳа,
Аҳҳа-ҳа, аҳҳа-ҳа, аҳҳа-ҳа!
Ҳәзиллери жарасқан қара,
Күлки менен сезилмес ара...

Жолаўшылар жыймастан езиў,
Айна янлы асфальтта дүзиў,
Алыслықты келтирмей еске,
Ҳағлап келер, экспрессте.

[1]. Пассажир—Автобус мәнисинде

## АЎЫЛДАҒЫ АҒАЙЛАР

Таң азаннан машкала,
Ерте таңда турасыз,
Болсын ғарры жас, бала,
Атызға бет бурасыз.

Етпеген соң хеш такат,
Сахраларда шегинди,
Деместен хеш машақат,
Әлпешлейсиз егинди.

Биреўиңе биреўин,
Демеў болып келесиз,
Шайырларға әзелден,
Теңеў болып келесиз.

Егин менен тиллесип,
Мүдирмейсиз мийнетте,
Ашық сизге кең есик,
Орныңызда төр бетте.

Келсеңизде шәхәрге,
Аўыл... айтар гәпиңиз,
Бирдей барлық мәхәлде,
Егин дейсиз мәпимиз...

Дақыл менен тиллесип,
Мүдирмейсиз, мийнетте,
Барған жерде „кел десип“,
Бөленесиз хүрметке.

## АЎЫЛЫМ, СЕНИ ОЙЛАСАМ...

Журт таңлатқан болмаса да дабылың,
Ысықсаң сен, туўып өскен аўылым.
Сениң бийик қырманыңа дусластым,
Мениң бийик әрманыма ушластың.

## ЖЫЛЛАР МЕНЕН СЫРЛАССАМ...

Жоллар қанша, жыллар қанша бәринде,
Бир гезлерги балалығым жайнайды,
Шыңлар қанша, шыңлар қанша бәринде,
Кеўлим мениң хәргиз сени қыймайды.



Жыллар саған өкинбеспен хеш ўақыт,
Албаўлықты үйретпедиң себеби,
Қайўақ көрсең өтер еди хош ўақыт,
Бәри маған күнлер яңлы кешеги.

Сени еслесем, анаў сайды жағалап,
Қулдырап бир шаўып кетким келеди,
Балалығым көп жерлерди аралап,
Соқпақлардан қайта өтким келеди.

Шаўқым, сүрен хәммесинен жырақта,
Жасағанман ол гезлери ырастан,
„Машын келди“ десе аўылға ол ўақта,
Үйлеринен хәмме шығып қарасқан.

„Полуторка“ умытпаспан мен сени,
Туңғыш ирет дөдетиңди тыңлаған,
Таныс етип маған мектеп, кеңсени,
Алыс-алыс шәхәрлерге жоллаған.

Қыйын-қыйын тапсырманы арқалап,
Жүрмен хәзир көбейип тур парызлар,
Күнлер бизге қойып атыр зор талап,
Ўақыт бизге, биз ўақытқа қарыздар.

Жыллар саған, өкинбеспен хеш ўақыт,
Себеп, әрман кем-кем қанат жаяды,
Бул гезлери табылмайды бос ўақыт,
Есесине сол күнлердиң баяғы.

* * *

Болар ма сүймей үлкени,
Умытпас кеўлим сенлигин,
„Тар“ деймиз-аў, геўдени,
Сыйып тур қанша кеңлигиң.

* * *

Туўған жерди сүйиў керек берилип,
Оны хәргиз сүйип болмас ебиндей,
Өсип турған гиясы нық, гүли нық,
Турсадағы иште жүрсең билинбей.

Талай татлы сезимлерге баслатып,
Еске түсер өткеним ҳәм кешегим,
Бир жақларға кетер болсам аз ўақыт,
Сағынаман гүли түўе кесегин.

Мениң ушын сөйлеў бунда жарасық,
Курттайымнан билген ана тилимди,
Тек жақсылық бола бергей минәсип,
Жырақ кетсем орнындағы билинди.

Сағынарман, сағынбасқа жоқ шамам,
Туўылған жер—мениң еркин нәпесим,
Унатқаннан атыңды көп айтарман,
Бала яңлы сүйген әке-шешесин.

Өмир, сенде қанша жасты жасасам,
Туўылған жер жасап келер бәринде,
Егер оны шала сүйип аўырсам,
Емлей алмас мыңсан түрли дәринде.

1981-жыл.

### ҚАРАҚАЛПАҚСТАН СҮЙИКЛИ ДИЯРЫМ МЕНИҢ

Дәўир өз көшерин айланып талай,
Жыллар жылжымақта жылларға қарай,
Саған қосылыўда шырайға шырай,
Болмас ҳеш нәрсени аярым мениң,
Қарақалпақстан сүйикли диярым мениң.

Сениң ҳәр бир күниң мен ушын ысық,
Сениң ҳәр бир гүлиң мен ушын қосық,
Сени жырламаспан қалайша йошып,
Сениң менен ушар қыялым мениң,
Қарақалпақстан сүйикли диярым мениң.

Кулдырап көз тартып сонша булақлар,
„Саяма кел дийип“ турар дарақлар,
Қушағың егислик толы алаплар,
Көзге ысық болған шынарым мениң,
Қарақалпақстан—сүйикли диярым мениң.

Көргенниң нәзерин тартып алыстан,
Турғаныңа бала гезден таныспан,



Қыялды тербетип ғайры нағыстан,
Сенсең сан мың ләззет аларым мениң,
Қарақалпақстан—сүйикли диярым мениң.

Дуйым журт ишинен көп сени танып,
Деп келер әзелден, миймандос халық,
Көрмеген көрсем дер, ышқында жанып,
Шадлық ҳәм кеўлимде қарарым мениң,
Қарақалпақстан—сүйикли диярым мениң.

1/XI—1981-ж.

### БАБАЛАРДЫ ЕСЛЕЎ

*(Дүркин)*

„Кел-кетиңди талай дosқа байқатып,
Тыңлағанның жүрек шерин тарқатып,
Жыраўларың жырлап берсе өтмишти,
Дәстанларың „сөйлеп кеткен тил қатып“.

Неге керек, басымызға ғаўға деп,
Бир адамдай гүресейик жаўға деп,
Мәртликти де жолдас етип келгенсең,
Отырмастан бахыт бизге „қәйда“ деп.

Ханда саған дей алмаған, „утылдың“,
Небир-небир қысыўметтен қутылдың,
Душпаныңа тутылсаң да босқа емес,
Туўған жерди қорғаў ушын тутылдың.

Өттиң жолды талай-талай белестей,
Ойлап турсам, буның бәри елестей,
Бүгин „жулдыз аралайды“ қыялым,
Ертек маған ҳәзир „ертек“ еместей.

Өтмишимнен ада болмас сыр уқтым,
Қанша-қанша қыйынлықты умыттым,
Бәри буның жасағанның арқасы,
Жолларында үлкен-үлкен үмиттиң.

INVENTAR № 20773



Инв. № 119194

* * *

Бабам мениң пияда,
Талай жерди гезипти,
Шығып ҳәтте қыяға,
Не саўдаға гезикти.

„Жоққа жүйрик жетпейди,
Керек депти қәнәәт,
Не нәрселер питпейди,
Жәм болғанда жәмәәт...“

Өскен солай толғанып,
Туўған жерди сезип кең,
Жаў келер деп ойланып,
Қарап жатқан үзиктен.

Керегеге илиўли,
Тақланыпты жарағы,
Қәўип-қәтерге түриўли,
Турған екен қулағы.

Не қысыўмет көрсе де,
Шадлық артқан балалап,
Кеўилине бүлсе де,
Тек жақсылық уялап.

19/XI-1982-жыл.

## ГҮЛЗАРДАҒЫ ҚЫЯЛЛАР

Гүл өседи, гүл өседи япырмай,
Гөззаллығын ҳасла бойға жасырмай,
Түрли дарақ түрли жақтан „қарап“ тур,
Сулыўлықты қорғап турған „батырдай“.

Гүбелеклер гүл аралап ушады,
(Олардағы мисли гүлге усады),
Бири қуўып бири жеттим дегенде,
Бири оның тағы араны ашады.

Биреў сөйлер сөзди Ҳайямнан баслап,
Талай шайырлардың китабын услап,



Бәрине мениң де бөлинер ойым,
Гүлзар гөззаллығын турғансып нусқап.

Гүл өседи, гүл өседи япырмай,
Сулыўлығын ҳасла бойға жасырмай,
Түрли дарақ түрли жақтан қарап тур,
Гөззаллықты қорғап турған „батырдай“.

1/VIII-1979-жыл.

## II ӨМИР ТОЛҒАНЫСЛАРЫ



### НАН ДЕГЕН УЛЛЫЛЫҚ

*(Дуркин)*

### НАНДЫ ҚӘДИР ТУТЫЎ

„Уяда не көрсең, ушқанда соны,
Көрерсең" деген гәп айтылмас тегин,
Бирақ, гейпаралар уқпастан буны,
Қәтеге жол қояр елеге дейин.

Егер көре ғойса нанның усағын,
Кәдимги „нан" ғой деп ҳасла ескермес,
Ғаррылардың дүзиў буған есабы,
Нанды қәдир тутпағанды дос көрмес.

Бир сапар ушыраттым еки ғаррыны,
Киятқан бир жақтан пайыў пияда,



Жүзлеринен билинеди ҳарғыны,
Жолда бир тислем нан көрди набада.

Бир-бирине қарап, „сен ал" деместен,
Бири дәрҳал оны үпледи алып,
Қалғандай бундайда бир, жас үлестен,
Асығар бир жерге жеткенше барып.

Қанша көп ойлансаң жақсыға баслар,
Нан менен бул дәўран барады жайнап,
Нанды қәдир тутыў ҳәммеге абзал,
Себеп, бизге қарар ертеңги әўлад.

* * *

Нан деген, бул уллылық,
Жүгиниў керек шынында,
Туўылыпты бир бала,
„Ақ қапшық" жылында.

Ата-анасы тарығып,
Тартып жеген басалай,
Жыласа бала шалығып,
Кетерме деп жасамай.

Қорқысыпты байғуслар,
Жалғыз улын қайғырып,
Киятқан яңлы таныслар,
Көп тәселле айтынып.

„Өзи нанның жоғында,
Қыйын болды ҳалымыз,
Көрмедик унның жуғында,
Пуш болды еккен тарымыз",—

Деп байғуслар сасыпты,
Өтпей соннан көп ўақыт,
Бала көзин ашыпты,
Келип үйге зор бахыт.

Қуўанғаннан ата-ана,
Дос-яранын жыйыпты,
Мақуллатып басқаға,
Атын Нанбай қойыпты.

Көп узамай тоқшылық,
Кем-кем бола баслапты,
Сийрекленип жоқшықлық,
Кеўил тола баслапты...

Тиришилик шынында,
Өлшенеди нан менен,
Нан болмаса халайық,
Хабарласпас хан менен.

* * *

Қәдирине жетиў керек,
Барлық нәрсениң,
Менменликке жаным лекин,
Ҳәргиз урынба,
Оҳо, канша зарпын тартып,
Көздей гүлшениң,
Не адамлар азап шеккен,
Дейсең бурында.

Кеўлим мениң жақсылыққа,
Ярый береди,
Дүнья деген жайнап атыр,
Қаншелли гүл-гүл,
Тоқ болғанға әлем деген,
Күндей күледи,
Аш болғанда ҳеш нәрсе емес,
Жасаў тек бул бир.

Тоқлық ушын,
Көтеремиз тосты шынында,
Ҳәммесине шерик болғай,
Толы дәстурхан,
Бабалардың тислем нанды,
Табыў қолында,
Жүргенлерин еслер болсам,
Жаным ышқынған.

Асып-тасыў артық болар,
Достым, сол ушын,
Бабаларым, болғансызлар,
Мийнеткеш өңшең,



Әсирлерден әсирлерге,
Алып келеди,
Бел сызлатып таўып жеген,
Сол курттай гүлшең.

*31-июль. 1982-жыл.*

## БИР ЖАҒАДА ӨНИП-ӨСКЕН АҒАЙИН

(Бул қосық 1983-жылдың 21-январында Ашхабад қаласында болып өткен Түркмен классиги Зелилидиң туўылғанына 200 жыл толыўы юбилейинде оқылды).

Бир жағада өнип-өскен ағайин,
Дослық десе „жанды отқа жағайын",
Табысыңа қол шаппатлап қуўандым,
Тойларыңыз тойға уласcын илайым.

Кеўиллерден шын дослықты сезермен,
Қардаш болып қатнасамыз әзелден,
Қонақ күтер үйлеримиз жадырап.
Түркмени ғалы менен безелген.

Бар-келистен сезилмейди баҳамыз,
Төринде отыр бизиң талай апамыз,
Қарақалпақ келди десе қуўанған,
Бизге жезде, сизиң талай атаңыз.

Сөз сөйлеймиз Сейди, Мақтумқулыдан,
Зелилиден, Кеминелер жолынан,
Ашхабадтан түрли хабар тыңлаймыз,
Чай ишемиз жийен қызлардың қолынан.

Ҳеш қашықлық сезилмеген арадан,
Қатнасамыз әйем ата-бабадан,
Қайда жүрсем өз үйимди сезермең,
Ҳәр үйиңнен, ҳәр қаладан, оба[1]дан.

Көрдик сенде „ат жарыс" тың қызарын,
„Сары қамыш"тан жақсы қолды созарың,
Ўақыт таўып көрмей қалсақ набада,
Сағынамыз Ташаўыздың базарын,

[1] *Аўыл мәнисинде (Автор).*

Қуўанышты бирге шешкен ағайин,
Шадлығында бәрҳа қанат қағайын,
Табысыңа қол шаппатлап қуўанып,
Ат бәйгинде жорға минип шабайын.

### ДИЛБАРЫМ САҒАН

Жаз келиўден жайнап кетти әтирап,
Сениң ерке минезиңе мегзеттим,
Қуяш шықты күлкиң яңлы жадырап,
Кеўлимди бир әжайып саз еттиң.

Жаз кәлпинде көрген сайын өзиңди,
Бәрҳа солай болыўыңды тиледим,
Хәм де сонша парасатлы төзимли,
Бир әжайып хош сезимге бөлединң.

Долылығың еске түссе баз ўақта,
Кешир жаным мен бәҳәрге уқсаттым,
Адам деген тура алмайды-аў бир бапта,
Лекин жаздай жадырағай хош ўақтың.

Ҳәр ўақыттың болады-аў өз екпини,
Бәри менен бирге жасап келермен,
Жаймашуўақ гүздиңдағы көп күни,
Минезиңде „қыс“ болмаўын тилермен.

Июнь, 1981—жыл.

* * *

Қандай ысық дилбардың,
Күлимлесе келбети,
Сөйлеўлери қызлардың,
Не қыялды тербеди.

Үйретер ол өмирди,
Сүйиўдиң де жолларын,
Өзи жаққан ышқыға,
Күйиўдиң де жолларын.

* * *

Балам қабақ, зер кирпикли көзлерден,
Қарар едиң базда маған тасалап,



Неғайбыллық ҳүким сүрмей жүзлерден,
Маған унар сап ышқыңда жасамақ.

Ысық еди, күлкиң менен кеўиллер,
Қыйын еди ойынлардан таркамақ,
Қызық еди, ашылысқан зейинлер,
Әттең оны ўақыт бермес қайталап.

Көз алдымда өткен күнлер кәрўаны,
(Қәнекей сениң де ядыңда турса),
О, сондағы хош күлкиниң жәўланы,
Маған түнлер бойы бермейди пурса.

Дәўир барар сонша жоллар „көш“инде,
Бәҳәр сол бир жаслығымды қайталар,
Бәри мениң кешегидей есимде,
Жыллар маған сырлы „жуўап қайтарар“.

### БАРАТЫР ТЫРНАЛАР ҚЫЙҚЫЎЫН САЛЫП

*(Студентлик жумыслардың блокнотынан)*

* * *

Қус ушса қанатын қағыўын билер,
Дәрья аңғар бойлап ағыўын билер,
Сол сыяқлы менде қайнаған жигер,
Алтын томлар менен сырлассам сенде,
Саған ләззат артар соншелли менде.
Сәлем институт.
Талай билим алар сени умытпас,

„Усы болар дә деп“ кеўлин суўытпас,
Сениң атыңды айтып гирбиң жуўыппас,
Алтын томлар менен сырлассам сенде,
Саған ләззет артар соншелли менде.
Сәлем институт.

* * *

Алтын гүз, атызды кеўиллер аңсап,
Қандай қызық еди, қыймаслық жәрдем,
„Қәнекей тезирек атызға барсақ,

Ким исин аянар туўылған жерден"—
Десип, кеўил етип бәримиз бирден,
Студентлер едик жәрдемге келген.
Ақ пахта ашылып пайызлы гүзде,
„Териң " дегендейсип турғанын көрип,
Нәмәртлик саналар ким қалса изде,
Жаслық ҳүждан менен бул жерге келип,
Десип кеўил етип бәримиз бирден,
Студентлер едик жәрдемге келген.

2

Бундағы өткерген ҳәр саат, ҳәр таң,
Талай жүреклерди ерте оятып,
Сағым сәўле шашса пахтакеш диййхан,
Кеўили кеншимес уйқыда жатып.

Таң сәҳәр түргелер күндеги әдет,
„Кел деп ымлағандай ақ—алғын арыў.
Жаслық жүрек ҳасла таппайды мәдет,
Қандай жақсы мийнет ышқында жаныў.

Қырман дәл бундағы—„ ушырасыў" орай,
Бул жерде белгили орыннан „пайың",
Ким алды, ким кейин ҳәм кимлер қалай,
Тәрези белгилер ҳәр кимниң жайын....

Ойлайман бәрин де жыл өткен сайын,
Жоллар тәшиўишлерин қыялым серлер,
Елеслеп алдымда сүўреттей тайын,
Еслерге түсесиз, сол өткен күнлер.

3.

Ымырт. Гармошканың жағымлы сести,
Кетер еди сонша алысқа тарап,
Ким умытар сол бир кеўилли кешти,
Ўақыт келмес екен айланып бирақ.

Сонда студент едик, бәримиз бирге,
Бүгингидей есте, шертилген сазлар,
Студентлик жыллар, биз болған жерлер,
Жубын жазбай жүрген, жигитлер, қызлар.



Қанша жүреклерде сырлар оянып,
Талай кеўиллерге йош болып ағар,
Баратыр тырналар қыйқулап қайтып,
Жаслық оннан сайын алыслап барар.

## ТОҒЫЗ ДИЛБАР, ТОҒЫЗ ЖЕРДИҢ БӘҲӘРИ

Тоғыз дилбар, тоғыз жердиң бәҳәри,
Ҳәр қайсысы ҳәр жүректиң нәҳәри,
Кеўилге ой салып көрген мәҳәли,
Бул қайсы жанан деп қалғандай екен.

Сапаргүл, шамшырақ сизди көргенде,
Усаттым билимге ҳәўес бергенге,
Ойшаң жылўа менен әсте күлгенде.
Кеўилге көп дәрман болғандай екен.

Рәўия, Рәўшан қараса егер,
Талайлар ышқының азабын шегер,
Басқан қәдемлери жигитке жедел,
Көрген сонша нәзер бурғандай екен.

Балтагүл, Әся, Наргүл да сонша,
Турсын хош ҳәўазды намаға салса,
Парахат қосықты ҳәўижге алса,
Кеўил қанат байлап ушқандай екен.

Бирин көз дер болсақ, бири қарашық.
Кеўил қарар таппас, ҳәргиз қарасып,
Студентлик гүл өмирге жарасып,
Талай ойға алып турғандай екен.

Жайдары жүзлери көргенге бейим,
Бәринде салтанат, бәринде зейин,
Қызларды мақтаўдан нәрсе жоқ қыйын,
Көрген сонша ойға талғандай екен.

Июль, 1965-жыл.

## ҚОСЫҚШЫ ҚЫЗҒА

О, қандай хош ҳәўаз, қандай сазенде,
Тасқын йошы менен кең залды кернер,
Дийип сен сахнаға шығыўдан ҳәмме,
„Қосықшы қыз" десип қашшаннан серлер.

Сениң йошып айткан қосықларыңда
Әжайып Әмиўдиң тасқын леби бар,
Ол жасар жаслықтың лалаларында,
Қосығың ҳәм өзиң соншелли дилбар.

Бир-бирине қарап муртынан күлип,
Жаңа бой көрсеткен ғошшақ жигитлер,
Ышқы ҳәсериниң дәртинен бүлип,
„Сендей қыз болса" деп етер үмитлер.

Қызлар сендей болып өнер-ҳағласын,
Йошлы илҳам менен таңласақ дейди,
Жигитлерге сеўип ышқы барнасын
Белгисиз сырларын аңласақ дейди.

Ал сен ше, булардан хабарсыз жандай,
Нәзик ноталарда қолларың ойнар,
Есаплаўлардағы бир шексиз сандай,
Мен де ҳүким сүрер, қандай да ойлар.

... Кең көшени бойлап, мектептен үйге,
Бәлким, есиндедур, бирге қайтқаның,
„Умыт па, оқыўға барайық бирге" —
Деп маған ядымда назлы айтқаның.

Күнлер нәўбет күтип ҳәр ким ҳәр жаққа,
Турмыс жолламасы бергенде сапар,
Түрли гүл жамылған хөширей баққа,
Келген яңлы болып әжайып бәҳәр.

Жыллар „хызметинде" күнлер „ержетип,"
Булақ шәшмесиндей тынық қыялың,
Қанша тыныш жатқан ойды тербетип,
Ким билсин, жүрекке келип қуярын?

Дермен, ой салмаған соқпақлар кимге,
Жолаўшы умытпас, сегбир тартқанын,
Бәлким есинде дур, сол сапар бирге,
„Көрискенше хош" деп сырлы айтқаның.

## ЖАСЛЫҚ ҲАҚҚЫНДА ҚОСЫҚ

Жаслық жымыңласқан миллион жулдыздың,
Көриниси болып саўлат ендирер,



Жаслық көрки болып миллион ул-қыздың,
Сансиз гөззаллықтан елес келтирер.

Әлем гөззалланар жаслық күшинен,
Ол гүлленер жайнап барлық мәҳәлде,
Куяштай жадырап шадлық көксинен,
Ол қулпырар мегзеп мисли бәҳәрге.

Ол ағар алысқа мисли дәрья боп,
Ол гейде мегзейди мисли минарға,
Ол гейде туйылар пайтах дүнья боп,
Гейде ол уқсайды бәлент шынарға.

## СТУДЕНТЛЕР ВАЛЬСИ

Дийдарың жайнаған күлимлеп,
Сен мениң қымбатлы жаслығым,
Қызыққан жасларммыз билим деп,
Өзиңде қулпырар дослығым.

Нақыраты;

Ығбал, бахыт—мәртебем,
Алысларға баслаған,
Досларым көп қәдирдан,
Татлы қосық йош маған.
Сенсең ысық жәўланым,
Студентлик дәўраным.

Шад өтер аянда ҳәр күним,
Томларға, томларға сырласып,
Сен мениң бүгиним, ертеңим,
Турарсаң өмирге жалғасып.

Нақыраты;

Жайнаған қызықлы кешемиз,
Қушағың бәрҳәма гүл жайнар,
Шадланып аянда өсемиз,
Сен десе нур жайнар шырайлар.

Нақыраты;

## ҲӘММЕГЕ ДӘРКАР БИР БОЛЫЎ

Бир аўылда өстик деп,
Тартады биреў бүйирге,
Бир жаптан суў иштик деп,
Қарайды биреў кеўилге.

„Әкемиз де бир шама,
Бөлисип жеген гүлшени"...
Салады сөйтип ортаға,
Усындай талай нәрсени.

Өкиниш, булай дей бериў,
Жараса бермес тегинде,
Ҳәммеге дәркар бир болыў,
Уллылық керек бүгинге.

* * *

Жақсылардың ойлағаны жақсылық,
Олар ушын жараспайды пәс қылық,
Топаслардың ойлағаны басқаша,
Өзгелердиң кеўлин қойыў „тас қылып".

Жадыраўлар жақсыларға минәсип,
Турсам дейди кеўилинен гүл ашып,
Нәкасларға кең болса да тар дүнья,
Бүлинер көп, қоярман деп сыр ашып.

Жаўызларға дүнья деген бир пәлек,
Урыс тилеп, ашар нәпси „сарайын",
Ҳәр нәрседен себеп излеп бийдәрек,
Жөнсизликтиң ислеп атыр талайын.

Қолдан келсе, салыў журтқа ғулғула,
Дермен оған:—өмириң қысқа, ал билип,
Себеп мынаў тынышлықты, дүньяда,
Қорғаў маған азаматлық, мәңгилик.



## ГЕЙДЕ ИЛҲАМ ТЕРБЕСЕ МЕНИ...

Ҳеш нәрсени жақтырмай гейде,
Отыраман үйде,
Баламның бақырғанын,
Еркелеп асылғанын.
Ҳәттеки биреўлердиң,
Қосық айтып атырғанын...
Балларым есикти ашар,
„Аға" лап жабырласар,
Ойымды бөлсе сөйтип,
„Жүрмең деп, сизлер бүйтип".
Зайыбым алып кетер.
(Татлы ой дарып кетер).
Шайырдың бундай ўақта,
Бар ойы тек қосықта,
Жақтырмас „мал" берсеңде,
Унатпас „пал" берсеңде.

## ҲӘР КИМ ИЗЛЕР БАХТЫН ӨМИРДЕН

*„Дүньяға шыққан сең бақтың ашылсын..."*
*(Бердақ)*

Ҳәр ким излер бахтын өмирден,
Қандай да бир тәшиўишке толы,
Әсиресе сора негрден,
Ҳеш дәрсеге жетпеген қолы.

„Ақ денели" адамлар менен,
Сөйлесиў де ҳәтте қадаған,
Өзиндеги шыдамлар менен,
Не бир қысыўметке шыдаған.

Ислейди ол қара мийнетти,
Узақ күнге басқалар ушын,
Сондадағы көрмес ҳүрметти,
Жумсаса да ақылы-күшин,

Түслеринде көрип бахытты,
Жүрер талай шынлыққа жорып,
Ҳәтте байғус жаслық ўақытты,
Өткереди тентене болып.

Аямассаң қалай оларды,
Шадлы өмир сүре билмеген,
Қай ўақ көрсең жүрген қәҳәрли,
Фермерлерден басқа көрмеген.

## ӨЗИҢДИ

*(Әкем Пиржан Есемурат улының естелигине)*

„Түс"лериңе қуўанып,
Жорытыпсаң талайға,
Туўылғанымда соншалық,
Шад болыпсаң қалайда.

Сонда гүлге қубылған,
Толған яңлы қушағың,
„Мен таптым"лап жуўырған,
Архимедке усадың...

Солар түссе есиме,
Қанама қәйтип сыярман,
Бул өмирден өзиңди.
Қалай ғана қыярман.

*6|XII—1980-жыл.*

## БҮГИННИҢ ЕРТЕҢИ БАР...

Бүгинниң ертеңи бар,
Бәринде ойлаў керек,
Қызғанда мушайралар,
Қанаңа сыймаў керек,

Жақсы ғой әрман етип,
Пәсликтен жырақ болыў,
Биреўдиң жалғызындай,
Журтқа да инақ болыў.

* * *

Мен ойлансам көбиңиз,
Ойланасыз тегинде,
Мен қыйналсам көбиңиз,
Қыйналасыз тегинде.



Қуўаныссақ қуўанып,
Бөлисемиз көбинде,
Адамлардан тән алып,
Өсер ҳәтте егинде.

* * *

Журтлар қалай
Мен қалайман?
Бул сораў...
Талайларда буны ойлап жүрипти.
Қосық деген,
Жатырған бир—дилбар-аў,
Базда қыйнап,
Базда „сыйлап" жүрипти.

## ҚЫЗЛАР ОЙНАСЫН

Жүзлериң күлимлер қанша жайдары,
Ҳәр биринде ҳәр жүректиң дийдары,
Сизлерге машқы етер жигит ойлары,
Жүректи тербетип назлар ойнасын.

Басқан қәдемлериң кеўилди тербеп,
Жүрек сырларыңды турғандай сөйлеп,
Назлы жүрислериң қыялды бийлеп,
Әлемди гүллетип дилбар ойнасын.

Мисли жипек шашлар жел менен ойнап,
Жүргендей боларман аллея бойлап,
Гүлзардан гүл үздим сизлерди сыйлап,
Кеўилди дүр етип, гөззал ойнасын.

Сөзден маржан төгип не шийрин тиллер,
Жүрген жерлериңе шашылсын дүрлер,
Ғумшасын байласын сизлерге гүллер,
Жәҳәнди жайнатып қызлар ойнасын.

## КЕЛИНШЕККЕ ТИЛЕК

*(Халық қосықлары мотивинде)*

Жақсы нийет ойыңыз,
Қуп келискен бойыңыз,

Көпшиликти сый тутқан,
Қутлы болсын тойыңыз.

Ҳүрметлей бил халқыңды,
Сол шығарар даңқыңды,
Жеңил қарап өзиңе,
Умыта көрме, салтыңды.

„Өзимде мениң ерким деп,
Кимнен кем шырай көрким деп",
Ғарры-қуртаң көргенде,
Таңлана көрме „бул ким" деп.

Орынлы сөзди айтып бил,
Жақсы әдетти тәртип бил,
Бийик тутпа өзиңди.
Бирақ журттан артық бил.

Исиңе болып ериншек,
„Мода"ға болма үйирсек,
Үлкен-киши үлги алсын,
Бой-сыныңнан келиншек.

## ДАҢҚЫН ЖУРТҚА ЖАЙҒАН ГӨЗЗАЛ

Өрнекли ис еткен сизлер,
Қыйын сыннан өткен сизлер,
Гүлзарға гүл еккен сизлер,
Зерли нағыс ойған қызлар.

Тилсимлердиң тилин билген,
Жүзиң жайнап күндей күлген,
Ҳәр бир исте ҳағла келген,
Жүрген жери байрам қызлар.

Оң қолы ойылған шебер,
Ким излесе саған келер,
Сизде жигер, сизде өнер,
Даңқын журтқа жайған қызлар.

Гүл-гүл дөнген заманымыз,
Күлим қаққан жамалыңыз,
Барлық истиң маманысыз,
Саған ҳүрмет дәўран қызлар.



## ӘЖИНИЯЗ МАҚТАҒАН ҲҮРДЕЙ ЖАМАЛЫ

Ел исине ерлик етип ағылған,
Не гөзлесе мақсетлерден табылған,
Көрмегенлер көрсем дейип сағынған,
Жаңаны бар биз жасаған үлкениң.

Бәнт етер ышқының жүрек тарына,
Мисли мегзеп атар күнниң таңына,
Ләззет берер ҳәр күлкиси жаныңа,
Қызлары бар биз жасаған үлкениң.

Алма жүзлериниң ышқында жанып,
Қай жерде көрдим деп турғандай танып,
Қарай бергиң келер ләззетке қанып,
Гөззалы бар биз жасаған үлкениң.

Үйирсек боп өскен жастан табысқа,
Даңқы тарар жақын емес, алысқа,
Деген яңлы жигит бизден қалыспа,
Қуңқары бар биз жасаған үлкениң.

Тарқамаған хош кеўиллер қумары,
Ҳәр бир сөзи жан жүректиң димары,
Әжинияз мақтаған ҳүрдей жамалы,
Дилбары бар биз жасаған үлкениң.

## БИР БУЛАҚ КӨРДИМ

Нәўпир дәрья киби тасқынлап аққан,
Атын еситкенде кеўилге жаққан,
Жүр достым сол жаққа барайық шаққан,
Үстирт алабында бир булақ көрдим.

Бурынғыдай бул жер саҳрайы емес,
Өзгерген өң берип қаншелли елес,
Гүллер шоғырын кийип әжайып белес,
Үстирт алабында бир булақ көрдим.

Оннан дәўирлерге сан ләззет алып,
„Үстирт шолпанлары" турыпты жанып,
Келешегин оның солардан танып,
Сарқылмастай мәңги бир булақ көрдим.

## Ш. ТАЎДА ТУЎҒАН ДҮБИРЛЕР

*(Дүркин)*



### СӘЛЕМ САҒАН ҚЫРҒЫЗ ЕЛИ

*Нурпейис Жарқынбаевқа*

Сағынышлар маўқын басып,
Көрсең талай кеўил тасып,
Болғың келер сонша ашық,
Үзилмеген таўлар седи,
Сәлем саған, қырғыз ели.

Манас өскен бул мәканнан,
Пржевальский, Тянь-Шаннан,
Уллылықты уқтым шыннан,
Көрсем дер ем көптен бери,
Сәлем саған, қырғыз ели.



Сан ләззетке қанықтырған,
Көргенге ой дарыттырған,
Аўырғанды саўықтырған,
Ыссық—ата, Ыссық көли,
Сәлем саған, қырғыз ели.

Оңнан туўған бәрха айың,
Бурқып ағар жылға-сайың,
Ақ терегиң, қарағайың,
Сан ләззетке бөлер сени,
Сәлем саған, қырғыз ели.

Жети-өгиз, Жалалабад,
Болып қалған талайға яд,
Барғың келер тамашалап,
Жаймашуўақ жаздай леби,
Сәлем саған, қырғыз ели.

Ақша бултлар көксин сүйип,
Шыңлар турар сонша бийик,
Дәрьяларға дәрья қуйып,
Тарқатылар кеўил шери,
Сәлем саған, қырғыз ели.

Шын мийнеттиң дабылына,
Тарттың сонша баўырыңа,
Барғым келер аўылыңа,
Қыял тербер сонша мени,
Сәлем саған, қырғыз ели.

Тарийх толы көп дерегиң,
Сулыўлықта Айшөрегиң,
Жағып жигитлер жүрегин,
Ойға салмас дейсең нени,
Сәлем саған, қырғыз ели.

Мийман келер оңлы-солдан,
Көрсем дийип узақ жолдан,
Шайырларға илҳам болған,
Досқа ашық кеўил төри,
Сәлем саған, қырғыз ели,

## МЕН ҚЫРҒЫЗДЫ СОНЫҢ УШЫҢ СҮЙГЕНМЕН

Бул дослықтың әзелден-ақ күши нық,
Соның ушын оған басты ийгенмен,
Ҳәр қырғыздан мен усыны түсинип,
Мен қырғызды соның ушын сүйгенмен.

„Ала таў", дың бийигинен қараған,
Ҳәр шарўаның кең кеўилин билгенмен,
Дөгерегин бийик таўлар ораған,
Мен қырғызды соның ушын сүйгенмен.

Кимди көрсең ақ көкиреги аңқылдап,
Туўысқаным төрге өт дер, көргеннен,
Таў түбинен қуслар ушқан шаңқылдап,
Мен қырғызды соның сүйгенмен.

Гүллер көрдим түрли түске боялған,
Таў түбиниң дарағын айт, тербелген,
Не көрсенде кеўилиңе ой салған,
Мен қырғызды соның ушын сүйгенмен...

Бәри қызық, бәри сондай тамаша,
Таў төбесин түрли бултлар көмкерген,
Болғың келмес оны көрип аласа,
Мен қырғызды соның ушын сүйгенмен.

## МИНИП АЛҒАН ҒУНАНҒА

Минип алған ғунанға,
Бала шаўып баратыр,
Ой салады адамға,
Базда аўып баратыр.

Асып өтер гейде ол,
Бийик ҳәм де жасқаны,
Бар қыялы дийди жол,
Билмес оннан басқаны.

Шапса дейди жәниўар,
Оннан сайын қаттырақ,
Қара терге малынар,
Билдирмейди ат бирақ.



Қос қулағы тикирейип,
Тартып барар танаўын,
Әке байғус екиленип,
Жаздырмайды қараўын...

Шыдамай ол бақырар,
„Отыр балам бекем" деп,
Атты бала қамшылар,
Шап деп атыр әкем деп.

## АЛАТАЎҒА

Дәўирлердиң дәстаны,
Ойлап турсам сенде екен,
Анаў шыңның таслары,
Неше әсирди көрди екен?

Айтып жибер бийиклер,
Қандай күнлер кешти екен,
Құралайлы кийиклер,
Сенде қалай өсти екен?

Жар тасынды паналап,
Бүркит қалай ушты екен,
Басларыңда балалап,
Қалай көкти қушты екен.

Тастан тасқа секирип,
Шынық қан ба арқарың,
Сорап турман өтинип,
Таўысаң ғой арқаның.

Ушып барар аласар,
Көзин сүзип төменге,
Бәри, бәри жарасар,
Таў перзенти дегенге...

Келип турман қызығып,
Бийигиңе қарайын,
Сырласайын тынығып,
Ашып илҳам сарайын.

## ТЕРЕЗЕМЕ ҚАРАЙДЫ ҚУЯШ

Тереземе қарайды қуяш,
Тереземе карайды шыңлар,
Бәри, бәри нәзерин алмас,
Тереземе карайды жоллар.

Тереземе бағады жулдыз,
Тереземе сығалар айда,
Жылт-жылт етип мысалы қундыз,
Суўлардағы ағады сайда.

Дарақларды шайқалтып ҳәсем,
Самалдағы еседи әсте,
Бир тода булт қайлардан көшкен,
Таў үстинен тунжырар пәске.

Тереземди айқара ашып,
Көз алмайман туў алыс тастан,
Ана жерге бәрҳәма ашық,
Алыслардан қарайды аспан.

## ШЫҚҚЫМ КЕЛЕР САЙР ЕТИП...

Шыққым келер сайр етип,
Таўдың қыя-қыясына,
Өзимше бир ышқым кетип,
Кекликлердиң уясына.

Берилгеннен сонша әрман,
Бул адамның баласына,
Барыў ушын асығарман,
Таўдың түрли гиясына.

Рәң-бәрең бәрше гүллер,
Ымлағандай аясына,
Ырғалысар сексеўиллер,
Шақырғансып саясына.

Ҳәмме алғыс айтқан яңлы,
Бул тәбият анасына,
Қуўанышым сыймай кетер,
Кеўилимниң ханасына.



## СЕСТИ КЕЛЕР СЫБЫЗҒЫНЫҢ

Сести келер сыбызғының,'
Қандайда бир алыслардан,
Қар қаплаған таўдың үстин,
Жолақ-жолақ нағыслардан.

Шопан барар ат үстинде,
Ҳәйт-ҳүррәйтлеп жоллар асып,
„Ләззети бар қай истиң де,
Көр дегенсип араласып".

Қой жайылған таў етеги,
Жылт-жылт ағар ағысларда,
Қыялларым машқы етеди,
Қустай қанат қағысларға...

Сести келер сыбызғының,
Нәзер салсам алысларға,
Баслап кетип ой дизгинин,
Жолақ-жолақ жағысларға.

## БИР СУЛЫЎ ҚЫЗ КӨРДИМ ҚЫРҒЫЗ ЕЛИНДЕ

Өйшаң нәзер менен қараса урлап,
Қыялы дүньяны турғандай шарлап,
Таўда гүл өскендей соншелли нурлап,
Бир сулыў қыз көрдим кырғыз елинде.

Керме қасларына қурбан болғандай,
Көрмеген адамға әрман болғандай,
Бир күлип қараса дәрман болғандай,
Бир сулыў қыз көрдим қырғыз елинде.

Сулыўлық сарпайын жапқанба дедим,
Не жигит жүрегин жаққан ба дедим,
Гөззаллық тек соған баққан ба дедим,
Бир сулыў қыз көрдим қырғыз елинде.

Тоқтағул, Әжинияз екеўи келип,
Ҳайран боп кеткендей жамалын көрип,
Ойланып көп турдым мендағы бүлип,
Бир сулыў қыз көрип қырғыз елинде.

Көркине ай, жулдыз таласар екен,
Көрген адам сонша қарасар екен,
Билмедим ол кимге миясар екен,
Бир сулыў қыз көрдим қырғыз елинде.

**ҚЫРҒЫЗДА АТ ҚОЙЫЛАР СОНДАЙ САЙЛЫ**

Қырғызда Асқар көрдим, Абат көрдим,
Қәдимги Жеңис пенен Полат көрдим,
Тағы да қандай атлар болады деп,
Бир сапар бир достымнан сорап көрдим.

Айтты ол, кәлпат емес дурыс гәпти,
Нургүлди, Рыскүлди, Рысбекти,
Бизлерде Гүлжаҳан көп, Гүлхан да көп,
Мақтаныш етемиз көп Тынышбекти,

Бул баска не салмады урыс деген,
Шақылдап не бир найза қылыш деген...,
Аманбай ағалар көп елге сыйлы,
Қырғызда қызларда көп Ырыс деген.

Бул халықта ат қойылар сондай сайлы,
Болсын деп қатықулақ сөзге байлы,
Достына баўырман боп өссин дейди,
Сонлықтан көбисиниң аты Жайлы.

Бәри де жасап келер дәўир менен,
Жанасып жақсы ҳәм де тәўир менен,
Қырғызлар ат қоярда ул-қызына,
Көбирек ойласады шайыр менен.

**АППАҚ ШЫҢЛАР АЛДЫМДАҒЫ ӘРМАНДАЙ**

Түрли гүллер бунда шешек атады,
Бул өмирдиң сан ләззетин татады,
Аппақ шыңлар-алдымдағы әрмандай,
Шет-шебирсиз, созылып бир жатады.

Суўларын айт, сай қуўалап зырлаған,
Сыңқ-сыңқ күлип сулыўлықты ымлаған,
Қызларын айт, алыдан ядқа айтып,
Тоқтағулдың термелерин тыңлаған.



Жүре алмассаң дөгерекке қаранбай,
Таўлардағы ой салады-аў адамдай,
Еки халық егизсиз деп әзелден,
Бир гезлерди айтып турған бабамдай.

**ТАРИЙХ ПЕНЕН ТИЛЛЕССЕМ...**

Жаўгершилик көп болып,
Салған қанша ҳазарын,
Қырылыпты көп халық,
Қалдырып тек мазарын.

Бир-бирине өш болып,
Тапқан түрин жазаның,
Бул ана жер дус болып,
Көбин тартқан азаның.

Сестин талай тыңладым,
Таўдан шыққан сазаның,
Сонда ғана аңладым,
Жердиң шеккен азабын.

Өзгертип ол келбетин,
Жаўға ырқын бермепти,
Өлседағы перзентин,
Бийигине жерлепти.

**ЖАҚСЫ НӘРСЕ ДОС АРТТЫРЫЎ БУРЫННАН**

Тыңла достым, „Қара таў“ дан келгенмен,
„Ала таў“ды әзелден-ақ билгенмен,
Ақ қалпақты кийип жүрген қырғызды,
Нөкисте де бир сапары көргенмен.

Ҳал сорадым: „Қайдансаң деп ағайин“,
Бундай досты излеп қайдан табайын,
Аңлап көрсем бизиң үйди излеп жүр,
Тап көшеде-ақ ушыратты талайым.

Ойлап турсам, достым менен дос екен,
Туўып өскен жери анаў Ош екен,
Жақсы нәрсе дос арттырыў бурыннан,
Усының да өзи үлкен йош екен...,

Соннан бери жақын болды арамыз,
Хат жазамыз, қыдырып та барамыз,
Қалпақларды „алмастырып“ гей ўақыт,
Бир-биреўди айыра алмай қаламыз.

## ҚЫЗДЫ СӘЎБЕТ КЕШҚУРЫН

Кең жайылып дастурхан,
Қызды сәўбет кеш қурын,
Айтылды көп дәстүр-әм,
Билмес едим ҳеш бурын.

Өзимизше таллаދық,
Қосықларды ақырын,
Бәринен де аңладық,
Кеўиллердиң жақынын.

Тилек айтып жақсылық,
Қосық оқып ортада,
Илҳам кеўил тастырып,
Ләззет берди қаншама.

Өйткени биз әзелден,
Сезбегенбиз ерсилик,
Жақсы депти ел көрген,
Әдептен-ақ елшилик...

Айтып бердиң „Манасты“,
Дәстанлардың талайын,
Ойларға ой уласты.
Дилмашсыз-ақ ағайин.

## ӨЗИҢШЕ БИР БИЙИКЛИККЕ УСАЙСАҢ

*(Москвалы атақлы кино актер Сергей Сергеевич Яковлев пенен ушырасқанда)*

Гей рольде сол баяғы „жарлысаң“,
Гей рольде көпти көрген ғаррысаң,
Гей рольде шад заманға үн қосып,
Өмир сүрген ҳәўли ҳәрем бағлысаң.

Баз рольде „азып-тозып, жүдейсең“
Баз р ольде сол баяғы „гедейсең“,



Баз рольде партиялық ис шешип,
Халықты сонша қуўанышқа бөлейсең.

Баз рольде „мырғам“ емес шаққансаң,
Бир „дилбарға“ сонша қыя баққансаң,
Жигитти де қыз сүйиўи керек деп,
Батыл түрде талай ойға батқансаң.

Қызық, қызық образлар жасайсаң,
Кәжет болса таў-тасты да „қашайсаң“,
Аңсат емес уллылыққа умтылыў,
Өзиңше бир бийикликке усайсаң.

## БАРЫН ТӨГИП ДӘСТҮРХАНҒА

*(Гүлжаҳанға)*

Қонақ келди десе бәрҳа,
Аяқ қолың жеңил болар,
Ойлап қалдым соны тәнҳа,
Буның бәри кеўил болар.

Барын төгип дәстурханға,
Жүргениң кең пейил болар,
Жақсы дос ҳәм жақсы адамға,
Адам деген үйир болар.

Серлеп қалдым кеўилиң бәрҳа,
Келҳа-келге толы болар,
Зайыбы жақсы болған ердиң,
Бир илаҳий жолы болар.

Шайырларда болған йоштың,
Түрли-түрли тары болар,
Өзиңиздей жақсы достың,
Нурпейистей яры болар,

## КЕЎИЛ ҲАҚҚЫНДА

Бурын, бурын, бурында,
Қырғыз аңыз жырында,
Бир ханлықтың ислери,
Кетсе керек қырынға.

Хан көп ҳайран болыпты,
Ўәзирин бир-бир шолыпты,
—Қай нәрсе қымбат дүньяда?—
Деп орнынан турыпты.

—Әпиў етиң ханымыз,
Садаға шийрин жанымыз,
Алжасық айтсақ егерде,
Патшалық болсын малымыз.—

Деп бири сөз баслапты,
Басқасы да қошлапты,
„Мен билсем байлық қымбатлы"—,
Деген сөзден аспапты.

Тағысын тағы тыңлапты,
Не айтар деп дыққатлы,
Кәнизлер қымбат дегенди,
Көбисинен аңлапты.

—Тереңнен ойлап көриңши,
Таж-тах қымбат мениң ше,—
Деп бири тағы сөз баслап,
Қомпаңлапты изинше.

Ашыўы келип түнерип,
Кетипти хан көгерип.
—„Келсин",—депти жәллатлар,
Бир ўәзирин жиберип.

Ўәзирдиң бири турыпты,
Сөзди дәрҳал бурыпты,
Не айтар екен қәне деп,
Хан силтидей тыныпты.

—Мен айтсам мынаў дүньяда
Биреўди биреў қыяма,
Кеўил деген нәрсе бар,
Барлығынан зияда.

Ҳәмме нәрсе табылар,
Ханымыз усы жағы бар,
Кеўили қайтса иренжир,
Ханда тажы-тағы бар.



Хан көп ойға талыпты,
Жәллатлар жақын барыпты,
Қырқ ўәзирден „кеўил" деп,
Айтқаны аман қалыпты.

Хан оны көп сыйлапты,
Не айтса сөзин тыңлапты,
Аңыз боп бул кетипти,
Гезип аўыл-аймақты...

Орнатып хан тәртипти,
Ўәзирге сый тартыпты,
Сол-сол екен халықта,
Кеўилге ҳүрмет артыпты.

Ыссық—ата, декабрь, 1981-жыл.

## IV САТИРА ҲӘМ ЮМОРЛАР



### КӨЛЕКҢЕ

Көлеңке
Әпиўайы нәрсе,
Күлсең күледи,
Жүрсең жүреди.

Барсаң барады,
Келсең келеди,
Сөйтип сениң менен,
Дәўран сүреди.

Өзинен үлкенди көрсе,
Бүкирейеди,
Кишкенени көрсе,
Тикирейеди.



Өзинен „жуўан"ды көрсе,
Киширейеди,
Өзинен"арық"ты көрсе,
Тесирейеди.

Базы бир көлеңкелер,
Ербеңлейди,
Ийеси гүйбеңлесе,
Гүйбеңлейди.

Көлеңкелер гейде,
Түрли болады,
Оның „ҳаялы", басшысының ҳаялына,
„Сиңли" болады.

Сөйтип әп-әнедей,
Бар-келис болады,
Бири аркаў болса,
Екинши ерис болады.

„Басшысы" ширенсе,
Ширенеди,
Ал ол столға тиренсе,
Тиренеди,

Басшысы картайса,
Картаяды,
Ал ол ор_тайса,
Ортаяды.

Сөйтип жүрип ,
Тағы биреўге аўысады,
Оның кас-кабағын билип,
Майысса майысады...

Сөйтип-ақ, ўақыт өткереди,
Я инсап,
Өйткени көлеңкеге,
Күн көрген есап.

### ТОЙДА

Тойға бардым,
Еле есимде бир сапар,

Айтып атыр гилең,
Шетинен тосты.
Биреўдиң кеўилинде,
„Жаз", яки „бәҳәр",
„Аргтырсақ" деп атыр,
Соншелли досты.
Биреў қуйқылжытар,
Пинҳамы сөйлеп,
Еситкен қалардай,
Соншелли уйып,
Барлық мерекени,
Бир өзи бийлеп,
Тамада мардыяр,
Шарапты қуйып.
Сары сынлы жигит,
Исик қабақлы,
Шалқаяр өзинше,
Көкиректи керип,
„Толтырып" ишиң деп,
Толы қадақты.
Көз астынан қарар,
Буйрықты берип,
—„Ҳаў жора, биз жақта.
Шарап дегенди,
Иштирмейди,—деди,
Бир жигит,—зорлап,
Не қыласыз өйтип?
Қыйнап бөтенди.
Несип етпегенди,
Сиздейин болмақ.
—Бул нәрсениң „ҳаслы",
Бизге питпеген,
Ҳәй қурдас, қаламан.
Ишсем аўырып.
—Толтырып ишиўлер,
Несип етпеген,—
Деди бир келиншек,
Тағы табылып...
—Шетинен жағдайпаз,
Шеттен көтерем,
Ҳәй бала,
Тойханадан биреўди шақыр,
Сөйтип бәрин



Кеселханаға жетелең,—
Деп тамада әбден,
Мысқыллап атыр.
Оннанша келсеңши,
Достым растан.
Не қыласаң айтып,
Сөздиң басқасын.
Қорқып отырман де,
Үйде қурдастан,
Саған бермепти дә,
Тек оның шашын..,
Деп еки дос күлди,
Ойландық әттең,
Жигитлер екен деп,
Шарапқа бекем,
Билсек томада ҳәм,
Сары сынлы „дәкең",
Көптен винзаводта,
Ислейди екен.

### ҚЫЙТЫҒЫН ТАПТЫ

Дәкениң бираздан бери,
Иси кетпеди кери,
Оның бир жақсы жери,
„Бар" десе барды,
„Кел" десе келди.
„Жүр" десе жүрди,
„Күл" десе күлди,..
Басшысы не айтса,
Қасы-қабағынан билди.
Әйтеўир жақты,
„Ақ" десе ақты,
„Тарт" десе тартты.
Бирақ бир күни,
Көп көрип буны,
Кийинген жүдә саз,
Бир жағымпаз,
Жумысқа келип,
Дәкенди көрип,
Қыйтығын тапты.
Не болса жеткерди,
Басшыға „ход" берди,

Дəкенди жаманлап,
Әйтеўир ҳамаллап.
Орнынан алды,
Мардыйып қалды.
„Сəл жерде“ майырды,
Жумыстан айырды,
Арадан бирақ,
Көп күн өтпей-ақ,
Оғанда бəне табылды,
Күтпегенде аўырды.
Талапта қалды.
Докторға барды,
Укол салынды,
Дəкең кəдимги,
Аңлады „машты“,
Көзин ашты.
Нервинчит еткенин,
Басынан өткенин,
Бəрин
Жасырмай айтты,
„Қан басымы“ азлап қайтты.
Орнын алып еди,
Жумысқа барып еди,
Ҳəзир
Дəкең тəўир,
Әттең,
Анаў жағымпазға,
Болып жүр аўыр.



## ПОЭМА

### УРЫС ҲАҚҚЫНДА МОНОЛОГ

*Душпанлар менен гүресте мəртлик көрсетип уатандарлық урыста қурбан болған жигирма миллион Ўатанласым руўхыңызға бəрҳама бас ийемен.*
*(Автор).*



1

Оҳ-ҳой урыс, саған дегенде,
Қанша ыза қайнайды мен де,
Көз алдымда қыйраған жайлар,
Жайлар түўе сонша адамлар,
Бүлинди көп, биракта намыс,
Бермеди ҳеш ҳəргиз дағдарыс,
Сонша жылды салсаң да артқа
Түсесең сен бəрҳама ядқа.
Ҳəтте планетаның шетинде,
Ойланаман шыққан түтинге,

Кетеди бир ғәзебим қайнап,
Өткен сол бир жылларды ойлап,
Есте қалды себеп мәңгиге,
Баслайжақпан соннан әңгиме,
Не өтпеди бул бастан мына,
Фронттағы улына ана.
Келгени сол, жумыстан жаңа,
Хат жоллады асығыс ғана.

2

„Балам мениң сонша жас едиң,
Қатарыңа бирақ бас едиң,
Айыра алмай оңлы-солыңды,
Жүргениңде урыс толыңды
Шайпап кетти қәйтемиз буған,
Нала шекти биз түўе жақан,
Сен кеткели ҳәр күнди санап,
Отырамыз жолыңа қарап.
Өзиң кеткен анаў гүзардан,
Арман-берман жүремен мудам,
Әкелгейсең жалғыз улымды,
Қарар көзим ҳәм де нурымды.
Деймен етип тәңирге тилек,
Өзимше бир жақсылық тилеп,
Ал түнлерде жулдызға қарап,
Отыраман бирме-бир санап,
О, жулдызлар болың хабардар,
Жалғызымнан қандай хабар бар,
Айтың аман жүриппиз тегис,
„Биримиз арқаў, биримиз ерис".
Аўылымыз өзин көргендей,
Қайысамыз лекин ингендей,
Өзиңдей көп баллар кеткенге,
Қолларымыз жаңа жеткенде.
Бул елатта мынаў етекли,
Жигит көрсек гейде шәпекли,
Өзиң шығар деп қалып базда,
Әсиресе ҳоў анаў жазда.
Әкең байғус биреўди көрип,
Жүре берген изине ерип,
Айнымаған дәл мениң балам,
Деп сығалап қарапты оған.



Адамларда уўда-шуў болып,
Ҳәр ким өз баласына „Жорып",
Ол жигитти алып ортаға,
Сораў берген ҳәр ким бир тыма.
Не қыйынлық кешпейди балам,
Бул күнлери ҳәмме де алаң,
Урыс деген салғалы пүтин,
Уйқымызда дым емес пүтин,
Гей түнлери шығамыз шоршып,
Әб-әший түслерден қорқып,
Аўырманлық ғул-ғула салып,
Кеги қайнап соншелли халық.
Жаўызларды жоқ етиў ушын,
Күш-ғайратын оқ етиў ушын,
Орынлайды төрт-бес норманы,
Белгили ғой улым аржағы...
Душпанларды қайтарып дизден.
Жеңис пенен келгейсиз тезден.

* * *

Буны билмей ҳәзир гей жаслар,
Ҳәдден асып гейде ғоддаслар,
Кийим пүтин, тамақта пүтин,
Қашырмайды ҳеш нәрсе қутын.
Сөйлеўлерин еслеп жағымлы,
Не биреўлер улын сағынды,
Аўырманлық көп гезди елди.
Десе биреў урыстан келди.
Ағылысты сонша аламан,
Аўыллардан ҳәм де қаладан,
Не саўдаға дуўшакер болып,
Не бир гүллер қалмады солып.
Сүйген қызлар қалып әрманлы,
Сәўдигимлеп мыңсаң толғанды,
Балаларын өсирген қыймай,
Аналарда көз жасын тыймай,
Тебиренди кеўиллер қанша,
Не бир гүллер жарғанда ғумша,
Неге ғана төгилген қанлар,
Неге ғана қыйылған жанлар.
Неге ғана жап-жас жигитлер,
Босқа кетип сонша үмитлер...

Бир сапары еле есимде,
Көп орден бар таққан төсинде.
Бир жаўынгер әскер формалы,
Жетип келди минген жорғаны,
Қоршап алды оны аламан,
Ҳайран қалдым сонда мынаған.
Улым мениң айтарым саған,
Тап өзиңдей бар еди балам,
Кемпирим де жолына қарап,
Бармақ бүгип ҳәр күнди санап.
Қарай қарай көзи сарғайды,
Билесең ғой балам ҳал-жайды",—
Деген еди оған бир ғарры,
Биреў тағы жақынлап барды.
„Жуўайықшы кеўилдиң кирин,
Ҳәммемизде солаймыз иним".—
Деп биреўи айтып әңгиме,
Гәп баслады ақырын және.
— Болғаныма мен тек нәренжан,
Жедим әттең сонша пушайман,
Ҳәмме урысқа атланған ўақта,
Барамыз деп хатланған ўақта.
Менидағы дизимге алың,
Шықса шықсын урыста жаным,
Дедим айтып военкомға мен,
Бир жеделлик бийлеп сонда мен.
Көп ойланып военком жигит,
Қарап турды көзлерин тигип,
„Урыс деген жалынлы түтин,
Болса еди мүшеңиз пүтин.
Тылда-ақ жүрип көрсетиң көмек,
Бунындағы орны бир бөлек...
Деп урыстан қалдырып кетти,
Көп ойларға талдырып кетти...
Деп айтқанда бири ойларын,
Жигит болса нәзерлеп бәрин,
Өзинше бир ойларға талып,
Кийимлерин ҳәм жөнлеп алып.
Гәп баслады ақырын ғана,
Айтаман тек мақулын ғана,
„О, халайық бир әпиў етиң,
Осколкадан тилинген етим.
Бираз жерден болдым жарадар,



Бәриң таныс, бәриң бирадар,
„Урыс болса болар ма турыс",
Көп саўашта болғанман, дурыс.
Қулағымда бомбалар сести,
Айқасыўлар ҳәм қыян-кести,
Душпанларды серпилтип кейин,
Бармақ болып Берлинге дейин.
Гейбир жерде алдық шегинип,
Күшти жыйнап ҳәм де бекинип,
Болдық бизлер түрли миллеттен,
Рус, қырғыз, тәжик, өзбектен.
Бәримизде бир ғана тилек,
Халқымызды шадлыққа бөлеп,
Жаўызларды ғулғула салған,
Нықпырт етиў кетирип ҳалдан.
Өйтпегенше кеўил төзбеди,
Мақсет болып бул бир биздеги,
Бул Ўатанның мынаў кеңлиги,
Ҳәр перзентке оның теңлиги.
Ардақлаўлар туўылған жерди,
Көкиреклерге жайғаса билди,
Дурыс иним ботадай бозлап,
Кеўиллерде кек деген ғыжлап.
Тәселле айтып биреўге биреў,
Болып жүрмиз аўылла сүйеў,
Узын гәптиң мынаў қысқасы,
Толып атыр айтсақ басқасы.
Жалғыз еди ағамнан қалған,
Хабар-атар болмай тур соннан,
Болғансызды саўашта бәлким,
Көрген болсаң хабарын айтың.
Жигит еди өзи толықлаў,
Көп сөйлемес ҳәм де тынықлаў,
Жуўап берер лекин сорасаң,
Бир көргенде ҳайран қаласаң.
Жигит еди аўылда белли,
Фамилиясы Нурымов Бегли,
Умытыппан есим қурысын,
Айтыў керек гәптиң дурысын.
Қалдырмаппан жақсысы еле,
Қалтамдағы сүўрети мине",—
Деди жасы елиўге барған,
Бир жасы үлкен ентигип зордан.

Жигит тағы ойланып қалды,
Қандайда бир ойларға талды,
Көп тигилди сүўретке қарап,
Ҳеш нәрсени айтпастан бирақ.
— Узақ кеткен таўдың етеги,
Тоғайлықтың мәгар шети еди,
Душпан менен болып шайқасыў,
Қыян-кести ҳәм де айқасыў.
Шүйкилдесип оқлардың сести,
Адым сайын бомбалар түсти,
Урраласқан жалынлы сөзлер,
Душпанлардан қайтпаған гезлер.
Сонда келип биреў қасыма,
Қай жерденсең деди асыға,
Мерзиминде усындай пайыттың,
Әсте ақырын атымды айттым.
Ол да сол ўақ сыбырлап әсге,
Беглимен деп айтқаны есте,
Болдық дейсең сөйтип үйирсек,
Сүйеп қалдық азлап сүринсек.
Сол саўашта көп болды қурбан,
Бир сапары полкке зордан,
Жетип келдик бес жүз кисиден,
Бул қалайша шығар есиннен.
Он бесимиз ҳарып бүлинген,
Көп жеримиз оқтан тилинген,
Тартқаннан ба соншелли жүдеў,
Таный алмай биреўди биреў.
Гүйзелиске түстик соншама,
Кек жалыны лаўлап қайтама,
Жаўға деген кернеди ашыў,
Мақсет болып тек алға басыў.
Түнниң иши сондай қараңғы,
Байқамайсаң адам адамды,
Кеттик тағы тапсырма алып,
Дем алыў жоқ қалсаң да ҳарып.
Тоғайлықты кесип ақырын,
Жолды өттик төрт-бес шақырым,
Бир жылғадан өте бергенде,
Бийикликке жете бергенде.
Байқап қалдық. Аңласақ нағыз,
Топарласып отыздай жаўыз,
Отты жағып ҳәзликке қашып,



Болып атыр аўқатлар асып.
Бундай ўақта керек батырлық,
Ер жүреклик ҳәм де батыллық,
Қәйтсек екен бәринде жарақ,
Көп ойласыў пайдасыз бирақ.
Деди Бегли досларым билсең,
Айтар сөздиң нағынан келсең,
Албырап ҳәм керек саспаўың,
Дәркар қайтпай саўаш баслаўың.
Епке келсе тирилей услап,
Барсақ еди штабқа баслап,
Мақул дестик әсте ақырын,
Билгеннен соң буның мақулын.
Не нәрселер түспейди ядқа,
Қыйын қыстаў усындай ўақта,
Көп нәрсени сезеди жаның,
Еслеў қыйын биракта бәрин.
Бул баслардан көп нәрсе кешер,
Тәғдиринди бир секунд шешер,
Азғана ўақ өтпей-ақ соннан,
Қузғын яңлы жемтикке қонған.
Басқыншылар аўқаттан жаңа,
Баслай берген ўақытта ғана,
Алыў керек болып қоршалап,
Путаларды бардық тасалап,
Шықтық сөйтип бәримиз бирден,
Албырақлап бизлерди көрген,
Жаўызлардың зәрреси қалмай,
Өрре турды албырап сондай.
Қол көтерди биразы қорқып,
Ал биразы нәйлаждан булқып,
Шекти дейсең сонша жан айбат,
Болсадағы қандай бәдайбат.
Суўға түскен тышқандай болып,
Бәри көкке ушқандай болып,
Сонда көрдим Беглиниң күшин,
Бәри буның халқымыз ушын.
Умтылғандай күш пенен ғайбар,
Қасарысқан соншелли жаўлар,
Тығыларға табалмай тесик,
Сонындай бир жан терге түсип.
Болды дейсең ала сапыран,
Сасқанлықтан сонша ақылдан,

Сөйлеўге де гүрмелмес тили,
Бири турса, жығылар бири.
Тапсырманы орынлаў тәртип,
Қайсы бирин турайын айтып,
.... Оҳо, қанша саўашлар есте,
Есимде жоқ ерте ме, кеш пе.
Аўыр саўаш болды бир күни,
Урраласқан даўыс толқыны,
Қосты дейсең жигерге, жигер,
Пайда болып сонындай жедел.
Бир ўақлары аңласам барлап,
Жән-жағымның бәри ақ халат,
Мен ортада жатыр екенмен,
Қозғалтпайды қулақ шекемнен.
Көп бир нәрсе турғандай басып,
Көзимниң де нурлары қашып,
Тарта берди дейсең гиреўги,
Аңламайман биреў—биреўди.
Бир нәрсени айтпақшы болып,
Кетсем деймен орнымнан турып,
Қозғалтпайды бирақта геўдем,
Бар күш пенен бир ўақыт бирден.
Умтылғаным „сабыр ет жигит",—
Деп қыз маған көзлерин тигип,
Күлимсиреп мыйықтан әсте,
Палсәнемди түсирди еске.
Алыс анаў аўыл беттеги,
Бул баслардан нелер өтпеди...

4.

Болдық оған көп жигит ашық,
Көзден талай уйқылар қашып,
Қызғанамыз биреўден биреў,
Ҳәм излеймиз жоқ жерден теңеў.
„Айдай арыў сен ң жүзлериң,
Жулдыздай деп қара көзлериң",
Қосық жазып бердим бир сапар,
Бул бир еди суўықлаў мәҳәл.
Тыпыршылап жуўап еситпей,
Жүргенимде бир күн кешикпей,
Кишкене бир үкеси келип,
Кетти маған бир қағаз берип.



О, сондағы шадлықты айтпа,
Нан қыздырып атырған отқа,
Апамдағы тигилди маған,
Бул не қағаз, дегендей балам.
Бирақтағы күтпеди жуўап.
Тур-аў маған сонысы унап,
Сәл ғана ўақ өтип арадан,
Шақырғандай биреў даладан.
Сыртқа қарай шықтым ақырын,
Бул не хабар меннен жасырын,
Дейтуғындай тап маған мисли,
Өлимнен де бул уят күшли.
Кетип қалдым излеп тасаны,
Кеўилим мениң алып ушады.
Асығаман ашқанда хатты,
Қоя бер бул ойларды татлы.
Палсәнемде кеўилин ашып,
Болғандай бир сонындай ашық.
Алмасам мен тезирек оқып,
Биреў алып кетердей қорқып.
Ойлар бийлеп соншелли татлы,
Оқып шықтым сол ўақыт хатты,
Аспанға тап тийгендей төбем,
Шадлық пенен толқысар денем.
Жақсы сөзлер кеўлиме жайлы,
Тутқандайман аспанда айды.
„Дуз несийбе косса егер биз,
Ўақты менен көре берермиз.
Сен дегенде кеўилим пүтин,
Хат жазыпты қоңысы Кутым.
Бердим оның бир күн сазайын,
Бәрин қалай хатта жазайын.
Ҳәм, ҳәзирше мынаў естелик,
Қолшаршымды өзимдей көрип,
Төс қалтаңа салып жүргейсең,
Қайда жүрсең алып жүргейсең,"—
Деп жазыпты хат пенен бирге,
Орамалы мегзеген гүлге.
Жийеклери моншаққа толы,
Орталары мисли" қус жолы"
Бир шетинде „айда" қараған,
„Куяш"та тур нурлар тараған.
Сол орамал түсти есиме,

Жасырайын буны несине,
Бас ушымда турған жананға,
Деген яңлы: „айт па адам" ға.
Мүмкин болса карындас егер,
Қағаз бенен бир қәлем әпер,
Жазып бердим, кеўлимниң тарын,
Төс қалтамда орамал барын.
Алып берип жымыйды әсте,
Қайдағыны салдың-аў еске.
Ойға шумди дегендей болып,
Терезеден әлемди шолып.
Ҳәм мендағы қыялға шумдим,
Иши еди бул сонда түнниң.
Қайда қалды айтқандай Бегли,
Келгендеймен есиме енди.
Жоқ биракта турыўға димар,
Басым мең-зең көзлерим тынар,
Соң аңласам баяғы саўаш,
Мени майып етипти ыр-рас.
Бир аяқтан болыппан жүда,
Деймен сонша өзиме, шыда,
Қыйынлықты бирге бөлисиў,
Болды бул бир соңғы көрисиў.
Саўаштағы дослар дийдарын,
Еслеп турман көп-аў, айтарым,
Бул гәп емес айтылған мәзи;
Көп кешикпей бәҳәри, жазы.
Келип қалар биразы еле,
Келдим елге, көрдиңиз мине",—
Деп аяғын ақырын қозғап,
Дем алсам деп турғандай азлап,
Көпшиликке карар мүлайым,
Халайықлар ҳәмдам болайын,
Деп айтпақшы болады бирақ,
Журтшылықтан кеширим сорап.

5.

— Көп-аў еле көргениң аға,
Айтып тур ғой орденин аға,
Қашан келер бизиң әжағам,
Сорап көр деп, жиберди ағам.
Маңлай шаплы еди, түр-түси,
Көз алдымда соңғы күлкиси,
Умытпайман елеге шекем,
Апа-аў, саў боп турғайда дениң,
Әкеп берип алыстан келин,
Қуўантаман көрерсең еле,
Қуўанғаннан күлерсең еле.
Деп анамды кетти жубатып,
Апам болса сөзин унатып,
Әсте ғана мыйықтан күлди,
Еске алар оны көп енди.
Биреў менен биреў туўысқан,
Келди десе биреў урыстан,
Апам мени изине ертип,
Гейде көз жасларын сүртип.
Билдирмеўге тырысар маған,
Ҳайран қалып тураман соған,
Узын гәптиң айтсам қысқасы,
Дейди хатта, дала почтасы".
Хатлары да жазылар қысқа,
Умытпадым ҳоў анаў қыста.
Бир келгеннен қайтып келмеди,
Сүўретине қарап төрдеги.
Анам ҳәр күн батады ойға,
Қатнасқаймыз илайым тойға.
„Әскер балам" бергей хабарын,
Хат жазбай тур неге, биймәлим.
Түсиндирип айт сен ҳалымды,
Шүйиншиге алсын малымды,
Барыў ушын болмай тур диңкем,
Келеғойса тойым бар, үлкен.
Балаң келди,—десип „әнекей",
Тамашасын көрсем қәнекей,
Шадлығыма болып ылайық,
Шүйиншисин алса халайық,
Етип сонша тәңирге тәўбе,
Жумсар едим барымды ҳәрне,
Тойға шашып жыйған-тергенди,
Не жетеди қызық көргенге.
Деди анам, айтың деп сизге,
Умытыппан буннан да өзге,
Үйге келип дуз-дәмек татсын,
Көрген болса баламды айтсын".
Турды бала сөйтип мардыйып,

Журт тыңлады силтидей уйып,
Күлди солдат,—алғыс бәриңе,
Барғаным жоқ еле үйиме.
Көрмегенмен еле анамды,
Үйимнен де хеш бир адамды,
Олардағы сизлердей болып,
Қайта-қайта түслерин жорып.
Отырғанды жолыма қарап,
Өткен-кеткен адамнан сорап,
Дийдарласып еле де талай,
Көрисермиз буннан да былай.
Иним азлап жақынла берман,
Әжағаңды еситиў әрман,
Болып жүрген, саған, апаңа,
Өткир тыйық қында жата ма?
Сол сыяқлы жаўларды жеңип,
Көп солдатлар жақынла келип,
Қаларлығын билемен анық;
Қуўаныштан толайым халық.
Көриседи баллары менен,
Жақын-жуўық жанлары менен,
Соның бири сениң әжағаң,
Келип қалар тез күнде аман.
Дегени сол шадлығы тасып,
Көпшиликтиң кеўилин ашып,
Қайта-қайта айтты „әўмийин",
Тарқамады көп ўақыт жыйын.

6.

Сағынғаннан „орыс жол" беттен,
Балаларын асыға күткен,
Ата-анаға толды жол шеги,
Мыйық тартпай көптиң әлпети.
Қарар еди байғуслар жолға,
Хәр бир күнн татыған жылға,
Гей түнлери жулдызлар батып,
Уйқы көрмей таңдағы атып.
Барар еди атызға бирден,
Ерси еди ол ўақыт күлген,
Ерси еди хәтте той бериў,
Бир қәлипте еди күн көриў.
Тоқтап қалды ылақ шабыўда,



Бул нәрсеге жок хеш қағыйда.
Тоқтап қалды мереке-сейил,
Алаң еди хәммеде кеўил,
Сийрек еди келиншек түсиў,
Болмас еди ишимлик ишиў,
Кимди көрсең жүрген мүлайым,
Тарқағай деп урыс илайым,
Елге түсип сонша ғул-ғула.
Үлкен туўе ойланды бала,
Қыйынлықты хәмме мойынлар,
Шала қалды қанша ойынлар.
Жесир қалып не бир шабазлар,
Келип турды „қара қағаз"лар,
Бир үйден бес азамат кетип,
Бәриниң де демлери питип.
Не салмады бул басқа урыс,
Урыс түўе музейде қылыш,
Көргенде де таламыз ойға,
Сол күнлерди аламыз ойға.

7.

Урыс питти серпилип ғаўға,
Бирақтағы сонда да жаўға,
Еле-еле қайнайды кегим,
Әлбетте бул емес гой тегин.
Соның бири мынаў аўылда,
Қайыспады қанша қабырға,
Мрамор тас. Бетинде атлар,
Қурысын деп урысты датлар.
Жораларын еслеп бирме-бир,
Ғаррыларда келеди не бир,
Арысландай шетинен мисли,
Жигит еди-аў бәри де күшли.
Бир сапары есинде шығар,
Умытпадым песинде шығар,
Талайлардың күткен әрманын,
Тойдан кейин болды палўаны.
Бил жақлардан келген бир палўан,
Шықты дейсең ортаға зордан,
Түридағы дым емес ысық,
Көргенлердиң хүрреси ушып.
Деп турғанда ким шығар буған,

Көпшиликти айырып толған,
Шықты дейсең Қабыл ортаға,
Гүрес болды нағыз бир тыма.
Екеўи де шайқасты бираз,
Баш берместен айқасты бираз,
Қалдық бир ўақ ҳәммемиз ҳайран,
Шалқ ортадан жығылды палўан.
Қалған яңлы есиде аўып,
Жатыр екен қулашын жайып,
Қуўанғаннан бәрше аламан,
Жуўырысты Қабылға таман.
Ҳәм де оны көтерип алып,
Қол шаппатлап жиберип халық...
Мәртлик еди тек ғана бул бир,
Әттең сол бир урысы қурғыр.
Бөлип кетти сонша араны,
Кеўиллерге салып жараны,
Айҳай жигит еди бәри де,
Қуўыспады туўған жерине.
Қуўыспады, бирақ кеўилде,
Жасап келер бәрҳама бирге,
Қалсадағы гүл ашпай толық,
Жасап қалды қуяштай болып.
Сол жылларға қәстелик болып,
Жасап қалды естелик болып.

8.

Аталардың исине садық,
Жаслардан жыйналып барып,
Дизилисип қатара сапқа,
Сол жылларды көп алып ядқа,
Болмасын дер, ҳеш қашан урыс,
Болмасын дер, мылтық ҳәм қылыш.
Орны болып бәрҳама төрден,
Көп жасағай мәртлерше келген.
Бул ҳүрметке ҳақылы,
Не көрмеди дейсиз ақыры...
Жигирма миллион не деген аўыр,
Жаўынгерден айырылды дәўир.
Қырқ миллиондай ата-ана зерде,
Тапқанлығын айтсаң егерде,
Кеўиллерди қаплайды налыш,



Сол жылларды еске алып алыс.
Ата-ана бир болып бәри,
Миллион жыллар... оннанда ары,
Жасаўларды шешейик дүнья,
Урыс көрмей өсейик дүнья.

Нөкис, 1981-жыл.

## МАЗМУНЫ

### I. Алыслықлар әрманым


Ойландырарма деп қалдым . . . . . . . . . . . . . . . . . . 3
Ўатан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 3
Мениң ушын зор дәўлет . . . . . . . . . . . . . . . . . . 4
Туўрылық . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 4
Унатаман көпшиликти . . . . . . . . . . . . . . . . . . 5
Толғанаман . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 6
Халқым туўралы қосық . . . . . . . . . . . . . . . . . 6
Ойға таларым . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 8
Бүгин бир ис питкерсем . . . . . . . . . . . . . . . . 8
Қашанда мениң кеўлимди . . . . . . . . . . . . . . . . 9
Адам түсинде де . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 9
Дуўтар ҳаққында . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 9
Кеўил . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 10
Ҫаратан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 10
Өзлерине барлық деним бириккен . . . . . . . . . . . . 11
Аўылдың ғаррысы - бар . . . . . . . . . . . . . . . . 11
Экспрессте . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 12
Аўылдағы ағайлар . . . . . . . . . . . . . . . . . . 14
Аўылым, сени ойласам . . . . . . . . . . . . . . . . 14
Жыллар менен сырлассам . . . . . . . . . . . . . . . . 14
Боларма сүймей үлкени . . . . . . . . . . . . . . . . 15
Туўған жерди сүйиў керек берилип . . . . . . . . . . . 15
Қарақалпақстан сүйикли диярым мениң . . . . . . . . . . 16
Бабаларды еслеў . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 18
Бабам мениң пияда . . . . . . . . . . . . . . . . . . 18
Гүлзардағы қыяллэр . . . . . . . . . . . . . . . . . 19


### II Өмир толғаныслары


Нанды қәдир тутыў . . . . . . . . . . . . . . . . . . 20
Нан деген, бул уллылық . . . . . . . . . . . . . . . . 21
Кәдирине жетиў керек . . . . . . . . . . . . . . . . . 22
Бир жағада өнип-өскен ағайын . . . . . . . . . . . . . 23
Дилбарым саған . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 24
Қандай ыссық дилбардың . . . . . . . . . . . . . . . . 24
Бадам қабақ, зер кирпикли көзлерден . . . . . . . . . . 24
Баратыр тырналар қыйқуўын салып . . . . . . . . . . . 25
Тоғыз дилбар, тоғыз жердиң бәҳәри . . . . . . . . . . 27
Қосықшы қызға . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 27
Жаслық ҳаққында қосық . . . . . . . . . . . . . . . . 28
Студентлер вальси . . . . . . . . . . . . . . . . . . 29
Ҳәммеге дәркар бир болыў . . . . . . . . . . . . . . . 30
Жақсылардың ойлағаны жақсылық . . . . . . . . . . . . 30
Гейде илҳам тербесе мени . . . . . . . . . . . . . . . 31
Ҳәрким излер бахтын өмирден . . . . . . . . . . . . . 31
Өзиңди . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 32
Бүгинниң ертеңи бар . . . . . . . . . . . . . . . . . 32
Мен ойлансам көбиңиз . . . . . . . . . . . . . . . . . 32
Журтлар қалай . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 33
Қызлар ойнасын . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 33
Келиншекке тилек . . . . . . . . . . . . . . . . . . 33
Даңқың журтқа жайған гөззал . . . . . . . . . . . . . 34
Әжинияз мақтаған хүрдей жамалы . . . . . . . . . . . . 35
Бир булақ көрдим . . . . . . . . . . . . . . . . . . 35


### III—Таўда туўған дүбирлер


Сәлем саған Қырғыз ели . . . . . . . . . . . . . . . . 36
Мен қырғызды соның ушын сүйгенмен . . . . . . . . . . 38
Минип алып ғунанға . . . . . . . . . . . . . . . . . . 38
Алатаўға . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 39
Тереземе қарайды қуяш . . . . . . . . . . . . . . . . 40
Шыққым келер сайр етип . . . . . . . . . . . . . . . . 40
Сести келер сыбызғының . . . . . . . . . . . . . . . . 41
Бир сулыў қыз көрдим қырғыз елинде . . . . . . . . . . 41
Қырғызла ат қойылар сондай сайлы . . . . . . . . . . . 42
Аппақ шыңлар алдымдағы әрмандай . . . . . . . . . . . 42
Тарийх пенен тиллессем . . . . . . . . . . . . . . . . 43
Жақсы нәрсе дос арттырыў бурыннан . . . . . . . . . . . 43
Қызды сәўбет кеш қурып . . . . . . . . . . . . . . . . 44
Өзинше бир бийикликке усайсаң . . . . . . . . . . . . 44
Барын төгип дәстүрханға . . . . . . . . . . . . . . . 45
Кеўил ҳаққында . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 45


### IV сатира ҳәм юморлар


Көйлеңке . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 48
Тойда . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 49
Қыйтығын тапты . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 51


### Поэма


Урыс ҳаққында монолог . . . . . . . . . . . . . . . . 53

*На каракалпакском языке*

**Сейдабулла Пиржанов**

**ВЗЛЕТ МЫСЛИ**

*(стихи и поэма)*

*Издательства „Каракалпакстан"*

*Нукус—1984*

Редакторы *Ө. Сарсенбаев*
Художник *Пан Владимир*
Худ. редактор *Р. Латыпов*
Тех. редакторы *Н. Султамуратов*
Корректоры *Ф. Тилеўмуратова*

ИБ 2143

---

Териўге берилген ўақыты 12/VI—1934-ж Басыўға рухсат етилген ўақыты 17.VIII.84 РК 32148 Қағаз форматы 84.х100¹/₃₂
Қағаз № 2 Көлеми 2,25 баспа табақ.
3,78 шәртли баспа табақ 3.0 есап.
баспа табақ. Заказы 203 Тиражы 3000 Баҳасы 35 т.
Қарақалпақстан" баспасы. 742000 Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

---

ҚКАССР баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша Мәмлекетлик комитетиниң „Правда"ның 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты, 742000, Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.